

## Lis kontwòl "Vin gen 18 an" (Turning 18) an

- Asire w distri lekòl ou a ranpli yon fòm referans Chapter 688.
- Aplike pou SSI (ou ka fè sa pi bonè si pitit ou a nan yon plasman rezidansyèl, oswa si revni fanmi w ba ase) – asire w pwòp byen pitit ou a pa depase 2.000 \$. Si pitit ou a ap resevwa SSI, sa ap fè l kalifye pou MassHealth (Medicaid).
- Si oumenm, paran an, retirete oswa w gen yon andijap, timoun nan ka aplike pou SSDI ; gen mwens restriksyon sou revni an epi alokasyon yo pi wo, men SSDI pap fè pitit ou a kalifye pou Medicaid, epi SSI ap fè l kalifye. Li ka posib pou w jwenn toulede (jiska yon sèten nivo revni). SSDI ap finalman fè pitit ou a kalifye pou Medicare, men gen sèvis enpòtan nou pap ka itilize Medicare pou yo men n ap ka itilize Medicaid – tankou sèvis rezidansyèl yo. Li enpòtan pou w eseye fè pitit ou a gen Medicaid \*avan\* w pran retrèt ou, pou w asire w li posib pou l gen toulede.
- Kou pitit ou a resevwa SSI kòm yon adilt, l ap otomatikman kalifye pou MassHealth (Medicaid). Si w pa jwenn yon kat pa lapòs apre yon mwa, rele MassHealth, di yo pitit ou a gen SSI, epi w pa t resevwa yon kat. Si yo di w pou w aplike, mande pou w pale ak yon sipèvizè. Pa aplike. Si pitit ou a pa resevwa SSI, aplike pou MassHealth lè l gen 19 an, nan lè sa a y ap baze sou pwòp revni l pou yo wè si l ap kalifye. Si pitit ou a pa kalifye (pa egzanp si l resevwa yon revni ki twò wo nan SSDI), l ap ka enskri nan CommonHealth si l ap travay pou piti 40 èdtan pa **mwa** oswa l ap peye yon dediktib.
- Kontakte DDS konsènan verifikasyon kalifikasyon pou sèvis pou adilt. L ap enpòtan anpil pou w fè moun k ap fè verifikasyon an konprann nenpòt difikilte ki afekte swen pitit ou a – "parèt twò anfòm" pandan pwosesis sa a ka pa an favè oumenm ak pitit ou a.
- Si pitit ou a se yon ti gason, ou dwe enskri l nan tiraj la – si w pa fè l, sa ka afekte kalifikasyon l pou kèk nan alokasyon gouvènman an ap bay yo.
- Deside si w vle sèvi kòm titè, oswa si w vle jwe yon wòl altènatif ki gen mwens restriksyon (tankou yon mandatè pou swen lasante, yon pwokirasyon pèpetyèl, oswa pou yo ta chwazi w kòm reprezantan pou resevwa alokasyon gouvènman an ap bay pitit gason w oswa pitit fi w). Kèlkeswa sa w deside a, eseye mete l an plas jis anvan anivèsè nesans la. Apre anivèsè nesans la, pitit ou a ap legalman yon adilt, epi w pap gen okenn estati legal, menm nan sal dijans.
- Aplike pou yon bon pou lojman Section 8. W ap ka enskri nan de lis : lis santralize a ak youn ki nan lis òganizasyon yo ki pa la pou fè pwofi yo ap jere nan rejyon w nan. Ou ka enskri tou nan lis komin yo ki pa lis santralize a ; men, yon bon nan youn nan komin sa yo ap egzije pou w abite nan komin sa a pou 12 mwa apre w fin resevwa bon an. Li enpòtan pou w fè sa pi vit posib apre timoun nan vin gen 18 an, paske li ka pran 5 a 10 ane pou w resevwa yon bon. W ap bezwen tou pou w verifye pozisyon w nan lis yo yon fwa pa ane konsa pou w asire w ou toujou nan lis la, paske yo fè netwayaj nan lis sa yo chak de ane (verifye, pa re-aplike, sof si yo te retire non w – si w pa fè sa, y ap pase w anba nan lis la). Massachusetts genyen tou de pwogram bon ki pou li menm (MRVP ak AHVP), men lis datant yo fèmen an jeneral. Ou ka aplike tou nan kay ki pou lojman piblik espesifik ; lis sa yo pi kout, men manm fanmi w nan ap oblije abite nan pwòp ki bay bon an.
- Si w deside pa sèvi kòm titè (oswa si se sèlman yon paran ki aji kòm titè), chache konnen si pitit ou a ap kalifye pou Swen familyal pou adilt (Adult Family Care). Yo ka peye w apeprè 9.100 \$-18.000 \$ chak ane pou w pran swen pitit ou a (tou depann de nivo swen l ap bezwen an). Si pitit ou a kalifye pou Swen familyal pou adilt (Adult Family Care), li ta dwe evantyèlman kalifye pou Swen dakèy pou plizyè adilt (Group Adult Foster Care) lè l gen 22 an ki peye 1-2 èdtan sèvis pa jou pou moun ki nan lojman ki jwenn sibvansyon yo oswa nan rezidans pou moun ki depandan (Assisted Living), ki gen sèvis ijans ladan yo. Pwen aksè pou sèvis pou moun aje [Aging Service Access Points (ASAP)] yo ka ede w jwenn ajans k ap bay sèvis AFC ak GAFC yo.

Pou w aprann plis, konsilte Barbara Jackins, [Planifikasyon legal pou Bezwen espesyal nan Massachusetts](http://www.amazon.com/Legal-Planning-Special-Needs-Massachusetts/dp/1449087426),  
<http://www.amazon.com/Legal-Planning-Special-Needs-Massachusetts/dp/1449087426>

[www.autismhousingpathways.org](http://www.autismhousingpathways.org)

Turning18checklist\_10-17 (Haitian Creole)

## Resous yo

- Chapter 688
  - <http://www.doe.mass.edu/sped/iep/688>
- SSI
  - [http://www.socialsecurity.gov/pgm/links\\_ssi.htm](http://www.socialsecurity.gov/pgm/links_ssi.htm)
  - <http://www.beneplan.org/>
  - <http://www.mass.gov/eohhs/consumer/disability-services/vocational-rehab/ses/impact/project-impact.html>
- SSDI
  - <http://www.ssa.gov/planners/disability/dqualify10.html>
- MassHealth
  - <http://www.workwithoutlimits.org/node/74>
  - <http://mbg.neindex.org>
  - <http://www.mass.gov/eohhs/gov/departments/masshealth/>
- Kalifikasyon pou DDS (DDS Eligibility)
  - <http://tinyurl.com/p66e59x>
  - <http://tinyurl.com/7xqsw5x>
  - <http://www.mass.gov/eohhs/docs/dmr/awp/elig-fact-sheet.pdf>
  - <http://tinyurl.com/pcl62kr>
  - [http://www.mhla.org/Docs/dds\\_masscap\\_and\\_icap.pdf](http://www.mhla.org/Docs/dds_masscap_and_icap.pdf)
- Sèvis selektif (enskri pou tiraj) [Selective Service (draft registration)]
  - <https://www.sss.gov/>
- Titèl (Guardianship)
  - <http://www.mass.gov/courts/forms/pfc/pfc-upc-forms-generic.html#3>
- Section 8 ak lòt bon lojman
  - <http://www.18section8.org>
  - <http://www.mass.gov/hed/docs/dhcd/ph/rentalapplications/sec8app.pdf>
  - <http://www.section8listmass.org/>
  - <http://autismhousingpathways.org/wp-content/uploads/2017/01/Additional-sources-of-Section-8-vouchers.pdf>
  - <http://www.mass.gov/hed/housing/rental-assistance/mrv.html>
  - <http://www.mass.gov/hed/housing/rental-assistance/ahvp.html>
  - <http://www.mass.gov/hed/docs/dhcd/ph/publichousingapplications/standapp.pdf>
- Swen famiyal pou adilt (Adult Family Care)
  - [http://www.seniorconnection.org/aaa\\_asap.htm](http://www.seniorconnection.org/aaa_asap.htm)
  - <http://www.massafc.org/provider-list>
- Swen dakèy pou plizyè adilt (Group Adult Foster Care)
  - [http://www.seniorconnection.org/aaa\\_asap.htm](http://www.seniorconnection.org/aaa_asap.htm)

Yo te mete dokiman sa a ajou nan  
mwa oktòb 2017

Autism Housing Pathways, Inc., anplwaye l yo, ajan l yo ak direktè l yo pa responsab okenn reklamasyon ak kòz aksyon ki rive akòz erè oswa omisyon pati sa yo fè, oswa ki gen rapò ak itilizasyon dokiman sa a ; moun k ap itilize enfòmasyon nou bay la yo rejte ak renonse a tout aksyon an jistis kont Autism Housing Pathways, Inc. Pou w ka wè renonsasyon konplè a responsablite nou an, al gade nan [http://autismhousingpathways.net/wp-content/uploads/2014/05/Legal\\_disclaimer\\_general.pdf](http://autismhousingpathways.net/wp-content/uploads/2014/05/Legal_disclaimer_general.pdf)

[www.autismhousingpathways.org](http://www.autismhousingpathways.org)

Turning18checklist\_10-17 (Haitian Creole)